



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RATIFIKASYON AKÒ TRAVAY 5 ANE AVÈK
ASOSYASYON ANPLWAYE FONKSYON PIBLIK**

Kontra a apwouve avèk prèske sipò total manm CSEA

***CSEA a kouvri plis pase 52,000 anplwaye Eta New York, youn nan pi gwo
sendika anplwaye piblik nan Eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ratifikasyon yon akò travay senkan avèk Asosyasyon Anplwaye Fonksyon Piblik (Civil Service Employee Association, CSEA), ki gen ladann plis pase 52,000 anplwaye Eta New York nan yon bann kalite wòl. Akò a, k ap dire jiska 1e avril 2026, te genyen apwobasyon plis pase 80 pousan manm CSEA yo ki te vote.

"Kontra sa a konpanse yon fason jis gason ak fanm k ap travay di Asosyasyon Anplwaye Sèvis Sivil la ki ede bay Nouyòkè yo sèvis enpòtan yo chak jou", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen remèsye Prezidan Sullivan pou patenarya li nan pèmèt akò sa a rive nan liy final la epi asire ke li rekonèt kontribisyon valab manm CSEA yo nan gwo eta nou an."

Kontra ratifye a gen ladan ogmantasyon nan chak ane nan akò a nan 2% pou de premye ane ak 3% pou twa ane ki rete yo. Anplis de sa, kontra a gen ladann lòt ogmantasyon nan konpansasyon tankou yon bonis fòfetè inik ki se 3,000 dola ak chanjman nan lonjevite kòm rezilta chanjman nan pwogram asirans sante a ki pral ankouraje patisipasyon anplwaye nan rezo a epi ede kontwole depans asirans sante yo. Kontra a gen ladan tou finansman komite jesyon sendika yo.

Prezidan Asosyasyon Anplwaye Fonksyon Piblik la, Mary E. Sullivan, te deklare, "Mwen ta renmen remèsye ekip negosyatè nou an ankò pou travay di ak

devouman yo pou delivre nouvo kontra eta a. Akò a te ratifye an gran majorite pa manm nou yo ak atravè tout kat inite negosyasyon nan branch egzekitif nou yo."

CSEA reprezante plis pase 52,000 anplwaye Eta New York nan kat inite negosyasyon yo.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418